Nanging, durung nganti sikilku tumapak lemah, ndadak keprungu swara pistol jumedhor ambal kaping telu dhor...dhor....dhor. Ditututi swara santak, semu prentah. “Angakat tangansaudara Joni harap menyerah, anda telah dikepung polisi.” Regudug, saka sisih kana sa regu polisi lengkap sandhangn dhines nggrudug Joni lan balane. Ora bisa suwala. Joni lan anak buahe dirangket polisi diunggahake menyang mobil patrol.

Swasana sepi, mung kari gumrengenge mesin mobil lan montor jalaran lampu ijo wis murub. Sakilas aku weruh bocah wadon cilik wingi awan, sing disiya-siya lan dadi korbane Joni sakanca, malah lagi asyik rembugan karo pawongan setengah tua sing meh wae dadi rencakan bocah-bocah brandhalan ngisor lampu abang ing prapatan kuwi.

Sorene, aku setengah ora percaya. Nalika meruhi siaran warta berita ing sawijining stasiun televise lokal, martakake merga bantuane bocah wadon cilik kelas V SD, polisi klakon nggulung komplotan Joni lan balane sing wis suwe diincer. Disebabke, Joni lan kanca-kancane senenge meres, golek dhuwit ora khalal mung kanggo tuku miras lan narkoba sarta hura-hura. Dene pawongan setengah tuwa sing dikepruki mau, jebule komandan serse kang lagi nyamar nalika didandani operasi nggulung komplotan Joni lan balane.

“Oom nyuwun paring-paring....!” Tembunge memelas. Aku kaget, ing prapatan lampu abang iki aku meruhi bocah wadon cilik ngathungake tangane, dak ulungi salembat ewonan maneh kaya wingi. Guwayane wis katon sumringah. Ing tangane katon buku cathetan sekolah, kang kala-kala dibukak, disinau nalika

lampu abang durung murub. Semana abote perjuangan rakyat cilik kang kacingkrangan, mung butuhe tetep bisa sekolah.

(Sanggar Randhusari, November 2008)

VII. Metode Pembelajaran:

Konvensional : metode yang digunakan masih seperti yang biasanya digunakan oleh guru, yakni membaca, menjelaskan kata kata sukar dan memberikan penugasan.

Penugasan : Guru memberikan waktu kepada siswa untuk menjawab dan mengerjakan pertanyaan yang diberikan.

Tanya jawab : Tanya jawab antara guru dan siswa tentang materi yang diajarkan

VIII. Langkah-langkah Pembelajaran

Kegiatan Pembelajaran

Tahap	Kegiatan	Waktu	Tugas	
			Individu	kelompok
Pendahuluan	1. Guru melakukan persiapan. 2. Guru melakukan apersepsi. 3. Guru memberikan print out kepada siswa.	10 menit		
Kegiatan inti	4. Guru meminta siswa untuk membaca bacaan yang diberikan secara bergantian 5. Guru menjelaskan beberapa kata kata sukar dan yang masih belum dimengerti siswa.	65 menit		

	6. Siswa memberikan waktu kepada siswa untuk menjawab dan mengerjakan soal yang diberikan. 7. Guru dan siswa melakukan Tanya jawab.			
Penutup	8. Membuat kesimpulan dengan bimbingan guru. 9. Melakukan evaluasi dan tindak lanjut.	5 menit		

IX. Alat dan Sumber Bahan :

Alat : Print out

Sumber : Soft copy dari guru mata pelajaran

X. Penilaian :

- a. Jenis tes : tes individu
- b. Bentuk tes : pilihan ganda dan essay

XI. Wangsulana pitakon iki.

Nalika Lampu Abang

Dening: Sutapa SGH



Dalan prapatan kuwi panggah rame, ora esuk, awan utawa sore. Ngepasi lampu abang murub, wiwit ana kegiatan kang lumaku. Bocah-bocah kang urip ana sangisore lampu abang, ana sing ngunekake ecek-ecek, rewa-rewa ngelapi mobil, tekan sing ngathungake tangane njaluk rejeki marang wong-wong kang komandanng lampu abang.

“Oomnyuwun paring-paring,” tembunge melas. Kaca mobil dak bukak alon-alon, dhuwit kertas ewonan salemba dak ulungake marang bocah mau.

Nanging eba kagetku, bebarengan dhuwit ewonan salemba ditampa, regudug ndadak teka bocah-bocah lanang sa barakane ngrebut dhuwit sing digegem ana tangane. Sepira dayane bocah wadon cilik, dikrubut bocah sa pirang-pirang. Bisane mung nangis njempling-njempling, sambat ngaruara ora duwe daya. Nanging sajake ora digape dening kelompok sing ngrebut dhuwit mau, malah padha pating braok ngguyu bebarengan.

“Salahe iki dudu wilayahmu, kok wani-wanine operasi ana kene. Njaluk idin dhisik, karo aku Joni!” kandhane bocah lanangsing sajake pimpinane kelompok mau, karo bangga kaya pamer panguwasa.

Bocah wadon cilik mau ora mangsuli, nanging ngadoh saka rubungane bocah-bocah brandhalan ngisor lampu abang. Banjur lungguh dheleg-dheleg ana suketan, katong glentruk sinambi sangga uwang.

Aku rumangsa dosa, pawehku sing maune supaya seneng atine, kanyatan malah nekakake kasangsaran kanggo bocah kuwi. Nanging aku ora bisa apa-apa, enggal-enggal gas dak idak lan mobil nggeblas ninggalake prapatan kang ana lampu abang ijone kuwi. Ninggalake bocah wadon cilik, kang nadhang kasangsaran.

Esuke, aku liwat dalan kuwi maneh, jalaran cen manawa arep lunga utawa bali saka gawean kudu liwat kana. Pas lampu abang murub, ateges kudu mandheg dhisik yen ora gelem disemprit polisi. Dak deleng ing sisih ngarep,

bocah lanang bos brandhalan lampu abang wingi lagi tudang-tuding marang pawongan setengah tuwa, klambine suwek-suwek, awake reged, raine pucet. Sajak lungkrah merga durung memangan, lagi dilarak-larak dening bocah-bocah anak buahe Joni ing tengah prapatan.

“Wong tuwek ora ngerti aturanayo nyingkir kana. Yen kepengin slamet awakmu, kene iki wilayahe Joni lan anak buahe. Sing durung kecacath anggota, aja wani-wani operasi ana kene. Cepet minggat!” mengkana pambengoke karo methentheng malang kadhak. Lagake kaya bos, temenan.

Edan. Batinku misuh-misuh, nanging ora ngerti sapa kang kudu dak pisuhi. Kahanan, wong setengah tuwa pepriman sing klambine rowak-rawek kuwi, apa malah Joni sing malah sajak kumawasa temen? Atiku melu muntab, getih mudhaku melu umum. Meh wae aku mencolot mudhun saka mobil, arep ngajar Joni sing saya nggladrah ora duwe aturan.

Nanging, durung nganti sikilku tumapak lemah, ndadak keprungu swara pistol jumedhor ambal kaping telu dhor...dhor....dhor. Ditututi swara santak, semu prentah. “Angkat tangansaudara Joni harap menyerah, anda telah dikepung polisi.” Regudug, saka sisih kana sa regu polisi lengkap sandhangn dhines nggrudug Joni lan balane. Ora bisa suwala. Joni lan anak buahe dirangket polisi diunggahake menyang mobil patrol.

Swasana sepi, mung kari gumrenggenge mesin mobil lan montor jalaran lampu ijo wis murub. Sakilas aku weruh bocah wadon cilik wingi awan, sing disiya-siya lan dadi korbane Joni sakanca, malah lagi asyik rembugan karo pawongan setengah tua sing meh wae dadi rencakan bocah-bocah brandhalan ngisor lampu abang ing prapatan kuwi.

Sorene, aku setengah ora percaya. Nalika meruhi siaran warta berita ing sawijining stasiun televise lokal, martakake merga bantuane bocah wadon cilik kelas V SD, polisi klakon nggulung komplotan Joni lan balane sing wis suwe diincer. Disebabke, Joni lan kanca-kancane senenge meres, golek dhuwit ora khalal mung kanggo suku miras lan narkoba sarta hura-hura. Dene

pawongan setengah tuwa sing dikepruki mau, jebule komandan serse kang lagi nyamar nalika didandani operasi nggulung komplotan Joni lan balane.

“Oom nyuwun paring-paring....!” Tembunge memelas. Aku kaget, ing prapatan lampu abang iki aku meruhi bocah wadon cilik ngathungake tangane, dak ulungi salembat ewonan maneh kaya wingi. Guwayane wis katon sumringah. Ing tangane katon buku cathetan sekolah, kang kala-kala dibukak, disinau nalika lampu abang durung murub. Semana abote perjuangan rakyat cilik kang kacingkrangan, mung butuhe tetep bisa sekolah.

(Sanggar Randhusari, November 2008)

1. Ana ing ngendi papan kedadeyane crita cerkak ing dhuwur?
 - a. Ana ing terminal
 - b. Ana ing pinggir dalan
 - c. Ana ing sekitar perempatan
 - d. Ana ing pertelon
2. Apa kang ditindakane bocah wadon mau marani mobil kang mandhek?
 - a. Ngamen
 - b. Ngemis
 - c. Ngelap mobil
 - d. Dodolan
3. Sapa sejatine bocah wadon sing ngemis mau?
 - a. Tukang ngemis
 - b. Tukang dodol panganan
 - c. Murid sekolah
 - d. Tukang ngamen
4. Kenapa bocah wadon cilik kuwi lungguh dheleg-dheleg ana ing suketan?
 - a. Amarga nangis
 - b. Amarga pengen ngadohi rombongan preman
 - c. Amarga dhuwite di royok karo rombongan joni

- d. Amarga golek dhuwit
- 5. Apa jalarane sopir ing pinggir dalan mau dhadhane nganti krasa umub meruhi sikap brandalan brandalan mau?
 - a. Ngerti wong setengah tua dikroyok rombongan Joni
 - b. Ngerti rombongan Joni ngroyok dhuwite cah wadon cilik mau
 - c. Ngerti rombongan Joni nodhong wong setengah tua
 - d. Ngerti rombongan Joni tawur karo rombongan preman liya
- 6. Sapa sejatine pawongan setengah tua nganggo klambi suwek-suwek mau?
 - a. Komandan polisi kang didandani kaya preman
 - b. Preman saka wilayah liya
 - c. Brimob kang nyamar dadi preman
 - d. Komandan kapolri kang nyamar.
- 7. Geneya pawongan setengah tuwa mau dikroyok lan dilarak karo rombongan Joni?
 - a. Jalarane operasi ana ing wilayah kekuwasaane Joni lan anak buahe
 - b. Jalarane dendam karo wong setengah tuwa mau
 - c. Jalarane gawe rusuh ana ing daerahe Joni lan anak buahe
 - d. Jalarane nyopet ana ing wilayah kekuasaane Joni
- 8. Apa jalarane para polisi nggulung rombongan nom-noman mau?
 - a. Jalarane rombongan joni seneng ngrampok lan narkoba
 - b. Jalarane rombongan joni seneng golek dhuwit ora khalal
 - c. Jalarane rombongan Joni kerep gelut
 - d. Jalarane rombongan joni seneng meres wong, golek dhuwit ora khalal, narkoba lan huru hara.
- 9. Kelas pira bocah cilik kang mbiyantu para polisi nggulung rombongan Joni?
 - a. Kelas IV SD
 - b. Kelas V SD
 - c. Kelas VI SD
 - d. Kelas III SD
- 10. Sawise rombongan Joni dicekel geneya gayane bocah cilik mau katon sumringah?

- a. Amarga ora ana kang bakal ngrusuhi anggone bocah mau golek dhuwit
- b. Amarga ora ana kang nyaingi anggone golek dhuwit
- c. Amarga ora ana kang bakal ngroyok dhuwite bocah cilik mau
- d. Amarga ora ana kang bakal gawe rusuh lan mabok mabokan


ESSAY

1. kaandharna 3 wae piwulang kang bisa dijupuk saka wacana mau
.....
.....
.....
2. Apa alasane komandan kapolri mau di pacakki nganggo klambi reget,suwek-suwek?
.....
.....
.....
3. Kanggo ngapa kasile Joni lan anak buahe seneng meres, golek dhuwit ora khalal?
.....
.....

Ketuntasan : Jika siswa memperoleh nilai 75

Yogyakarta, 12 Agustus 2010

Guru Mata Pelajaran Bahasa Jawa



Dra. Sugiharjo, M.Pd.

NIP. 196507031998021002

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

I. Identitas Mata Pelajaran

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Jenjang	: SMP
Kelas/ Program	: VIII / Umum
Semester	: Genap
Pertemuan	: ke-1
Alokasi Waktu	: 2 x 40 menit
Kurikulum	: Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan

II. Standar Kompetensi

Memahami wacana tulis sastra dalam kerangka budaya Jawa

III. Kompetensi Dasar

Mengungkapkan dan menanggapi nilai-nilai moral karya sastra prosa (fiksi)

IV. Indikator:

- a. Menjelaskan isi bacaan secara tepat.
- b. Menjelaskan nilai-nilai moral dalam bacaan dengan tepat

V. Tujuan Pembelajaran

- a. Mampu menjelaskan isi bacaan secara tepat.
- b. Mampu menyebutkan nilai-nilai moral dalam bacaan dengan tepat.

VI. Materi Pembelajaran

KANCIL LAN KEONG



Nalika si Kancil pinuju mlaku ing sapinggiring alas, nurut kalen kang banyune bening, Kancil nyepelkke lakune Keong gondhang sing klemar-klemer alon banget. Meruhi lakune Keong gondhang mau, si Kancil celathu semu ngenyek.

Kancil: *“Eeee.....Keong, kowe kuwi kajat mlaku apa ora? Dadi makhluk kok kaya wegah urip. Mlaku klemar-klemer kawit mau ora alihan panggonan. Mbok ya sing sigrak, rikat, cukat trengginas obahmu kuwi, Keong.....”*

Keong :*“Weh weh weh..... iki ana Kancil kok dhemen timen umuk. Seneng ngasorake liyan, sajak kaya paling digdaya ana ngalam donya iki”*

Kancil: *“Hahahahahahaha..... lha rak omonganku iki cocog karo kahananmu ta Keong? Dak tamatake wiwit mau, nganti aku ngantuk, anggonmu mlaku ora genep sejangkahku”.*

Keong: *“Dadi kewan ki mbok ya aja kakehan umuk, Cil. Nyawang liyan ki aja mung saka sing katon neng mata. Durung mesthi penemumu kuwi bener”* si Keong menehi pitutur marang Kancil.

Kancil: *“Huwalllaaah..... Keong, Keong. Apa pancen kowe bisa mlaku luwih cepet. Wis genah wiwit mau prasasat ora alihan panggonan olehmu mlaku ngana kok diunekake klemar-klemer malah nesu“*

Keong: *“Kabeh omonganmu mbok menawa ana benere yen digathukake karo kahanan wektu iki. Mlaku alon utawa banter kuwi dilarasake karo keperluan, Cil. Yen lagi kepingin nglaras karo ngrasakake nikmate ciptane Pangeran, ya mlaku alon sak alon-alone. Nanging yen butuh cepet selak ngoyak butuh, ya dibanterake lakune”*

Kancil mesem kecut sajak nyepelake omongane Keong. *“Lha apa omonganmu kuwi ana buktine, Keong? Apa bener kowe bisa mlaku banter?????”*

Keong: *“Yen dina iki, aku lagi emoh mlaku banter. Jalaran aku lagi namatake endahing kahanan peparinge Pangeran. Nanging yen liya wektu, durung mesthi kowe bisa ngalahake playuku, Cil”* si Keong ngungkuli umuk.

Kancil: *“Weh..weh weh..... Keong..... Keong. Apa jagad wis arep kiamat yen Kancil kalah balapan karo Keong. Rumangsa wis kondhang menawa Kancil iki jago mlayu. Ora ana makhluk ing ngalam donya iki sing bisa mlayu luwih cepet menang balapan karo Kancil. Macan, singo, menjangan, jaran..... lan kewan apa maneh sing jare playune banter, nganti dina iki ora ana sing bisa ngalahake playune Kancil. “Si Kancil kebrongot atine, mula sansaya tambah umuk.*

Keong: *“Ooooooo ngana ta cil. Kowe pancen kondhang banter playumu. Kowe mesthi menang balapan karo sapa wae yen anggone balapan padha-padha ana ing dharatan. Nanging sajake kowe durung nate balapan karo mungsuh sing mlayune ana jeroning banyu.”*

Kancil: *“Hahahahahahahahahahaha..... sajake kowe arep nantang aku balapan, Keong. Ayo dibuktekake, aku dak mlayu ing*

sadhuwure tanggul nurut sadawane kalen iki. Kowe mlayu ana sajeroning banyu ing kalen iki.”

Keong: “Kena, nanging aja saiki. Sasi iki aku lagi nindakake dhawuhe Kanjeng Nabi Soleman supaya nglakoni kanggo nambah kasektenku.” Si Keong golek alesan, jalaran yen sawantah genah Keong ora bakal menang balapan karo Kancil.

Kancil: “Lha karepmu kapan? Aku manut, yen kowe wis siyaga bisa dileksanakae” si Kancil sing wis muntab kanepsone merga rumangsa disepelake Keong.

Keong: “Anggonku nglakoni rampunge sesuk dina Selasa wage, kira-kira sesasi maneh. Yen Kancil pancen kepingin bukti, sesuk Rebo kliwon awakmu teka kene.” Si Keong semaya njaluk wektu.

Kancil: “Kowe aja cidra lho Keong. Rebo kliwon ngarep aku teka kene, aku karo kowe balapan diwiwiti saka papan iki nurut sadawane kalen, yen perlu nganti tekan tempuran ing bengawan gedhe sisih ngisor kana.” Kancil nyangupi tantangane Keong.

Si Keong nglumpukake kabeh Keong. *“Kanca-kanca kabeh, sesuk Rebo kliwon ngarep aja lali. Kabeh padha mapan ana sadawane kalen iki ana jeroning banyu, aja methungul metu saka banyu yen durung krungu swarane Kancil undang-undang. Mengko sapa wae sing mapan ing sangarepe Kancil kudu semaur, nyahuti pangundange Kancil.”*

“Semaure kepriye?? Supaya kompak, semaur marang Kancil kudu digawe padha.” Salah siji Keong tuwa njaluk warah.

“Oooongene. Kowe kabeh olehe semaur ngene. Ana apa, Cil. Aku ana ngarepmu” Si Keong menehi ancer-ancer wangsulan.

Dina rebo kliwon sing ditemtokake kanggo balapan wis tumapak. Kancil teka ing papane Keong gondhang.

Kancil: *“Ayo, Keong. Anggone janji balapan diwujudake. Nanging banjur kepriye carane ngerteni sapa sing menang balapan. Yen aku ndadak mandheg namatake lakumu ana jeroning banyu, aku sing rugi wektu”*

Keong: *“Rehne antarane awakmu sing ana dhuwur tanggul karo aku sing ana jeroning banyu ora padha dene weruh, yen wis mlayu antara suwe kowe undang-undanga marang aku. Mengko bakal dak wangsuli pangundangmu. Kanthi mengkana ketara sapa sing ana ngarep, lan sapa sing keru ana mburi”* si Keong ngajokake penemu.

Kancil: *“Woooooo, ngana. Yah, ayo diwiwiti. Siyaga. Siji..... Loro..... telu”*aweh aba-aba ngana Kancil mlumpat mlayu sabantere ngetokke kabeh kadigdayane. Isin yen nganti kalah balapan karo Keong.

Si Keong gondhang gumuyu ing jroning ati. *“Rasakna, Cil. Dina iki mengko sida kewirangan awakmu.”*Tekan pengkolan kalen si Kancil undang-undang karo tetep mlayu

Kancil: *“Keoooooong, kowe wis tekan ngendi?????”*

Keong: *“Ana apa, Cil. Aku ana ngarepmu”* wangsulane Keong sing ana ngarepe Kancil. Krungu wangsulane Keong atine Kancil muntab, mula banjur nambahi banter playune nganti kepentut-pentut.

Kancil: *“Keoooooong, kowe wis tekan ngendi?????”* Sepisan maneh Kancil undang undang sawise antara setengah jam mlayu.

Keong: *“Ana apa, Cil. Aku ana ngarepmu”* keprungu suwara Keong wangulan ing ngarepe Kancil.

Kancil: “Wee lha..... jebul banter tenan playuen Keong ana jeron banyu” panguwuhe Kancil karo nerusake playune. *“Keoooooong, kowe wis tekan ngendi?????”* Pangundange Kancil karo menggehe-mengehe.

Keong: *“Ana apa, Cil. Aku ana ngarepmu”* Sepisan maneh ana wangsulane saka Keong ing sangarepe Kancil.

Jalaran wis kentekan kekuwatan, ambekan menggos-menggos kaya arep pedhot, Kancil ndheprok ing pinggir kalen. *“Wis..... Keong. Aku ngaku kalah. Jebul pancen playumu ana jeroning banyu luwih banter tinimbang aku. Wis..... Aku ngaku kalah”* Rampung celathu ngana, si Kancil semaput nganti sore lagi tangi.

“Mulane dadi makhluk aja seneng umuk, ngremehake liyan. Ana bebasan sandhuwure langit isih ana langit.” Para Keong padha nggeguyu kahanane Kancil.

VII. Metode Pembelajaran:

- | | |
|-------------|--|
| KWL | : Guru menggali pendapat siswa mengenai bacaan basa Jawa yang diberikan. Selanjutnya memberikan beberapa pertanyaan yang sesuai tujuan dari kegiatan membaca. Tahap berikutnya siswa membaca teks bacaan dan diakhiri dengan menulis kembali apa yang telah ditemukan menggunakan bahasanya sendiri. |
| Penugasan | : Guru memberikan waktu kepada siswa untuk mengerjakan pertanyaan yang telah diberikan secara lisan maupun tertulis. |
| Tanya jawab | : Tanya jawab antara guru dan siswa tentang materi yang diajarkan |

VIII. Langkah-langkah Pembelajaran

Kegiatan Pembelajaran

Tahap	Kegiatan	Waktu	Tugas	
			Individu	kelompok
Pendahuluan	1. Guru membuka pelajaran dengan salam, mengecek kesiapan siswa (absensi) dan menjelaskan tujuan pembelajaran yang akan dilaksanakan. 2. Guru melakukan apersepsi. 3. Guru memberikan print out kepada siswa.	10 menit		
Kegiatan inti	4. Guru mulai mengaktifkan skemata siswa dengan melakukan curah pendapat kepada siswa tentang bacaan yang telah diterima. 5. Guru memberikan pertanyaan atau memancing para siswa yang merupakan tujuan dari kegiatan membaca siswa. 6. Siswa membaca bacaan dengan bergantian 7. Siswa menulis kembali menggunakan bahasanya sendiri dan mencatat apa	65 menit		

	yang telah ditemukan dalam bacaan. 8. Tanya jawab			
Penutup	9. Membuat kesimpulan dengan bimbingan guru. 10. Melakukan evaluasi dan tindak lanjut.	5 menit		

IX. Alat dan Sumber Bahan :

Alat : Print out

Sumber : Gita Sugita, 12 mei 2010.
(<http://webcache.googleusercontent.com/search?q=cache:sYjTWiNUeZsJ:fiksi.kompasiana.com/group/prosa/2010/05/12/dongenge-simbok-8-balapan-karo-Keong/+nalika+aku+lagi&cd=24&hl=id&ct=clnk&gl=id>)

X. Penilaian :

- c. Jenis tes : tes individu
- d. Bentuk tes : pilihan ganda dan essay

XI. Wangsulana pitakon iki.

1. Geneya Kancil nyepelke Keong gondhang?
 - a. Amarga lakune Keong gondhang klemar klemer alon banget.
 - b. Amarga Keong gondhang wegah urip.
 - c. Amarga Keong gondhang nyepelke Kancil.
 - d. Amarga Kancil sengit karo Keong gondhang.
2. Apa tegese tembung kajat?
 - a. Mplaku
 - b. Ora pengen
 - c. Playon

- d. Niat
- 3. Ana ing ngendi Kancil karo Keong gondhang pada padu?
 - a. Ana ing kalen piggir sawah sing banyune bening
 - b. Ana ing jero alas, pinggir kalen sing banyune bening
 - c. Ana ing pinggir kedhung jero alas sing banyune bening
 - d. Ana ing pinggir alas, pinggir kalen sing banyune bening
- 4. Kapan Kancil lan Keong gondhang balapan?
 - a. Dina Selasa wage
 - b. Dina Rebo kliwon
 - c. Dina Selasa kliwon
 - d. Dina Rebo wage
- 5. Kepriye watake Kancil?
 - a. Pinter, sigrak, seneng ngasorake liyan
 - b. Pinter, seneng ngasorake liyan, kakeyan umuk
 - c. Bodho, seneng ngasorake liyan, kakeyan umuk
 - d. Bodho, sigrak, sabar
- 6. Kepriye carane Keong gondhang bisa menang lan ngalahke Kancil?
 - a. Keong gondhang duwe kasekten saka Nabi Soleman
 - b. Keong gondhang lumakune banter ing sajroning banyu
 - c. Keong gondhang pinter ngumpulake kanca kancane
 - d. Keong gondhang kesaktene nambah sawise nglakoni
- 7. Apa judule wacana ing dhuwur?
 - a. Keong racun
 - b. Kancil lan Keong
 - c. Kancil lan Baya
 - d. Kancil balapan karo Keong
- 8. Apa alasane Keong gondhang ora gelem ditantang balapan langsung karo Kancil? *kejaba...*
 - a. Lagi pengen ngrasakake nikmate ciptaane Pangeran
 - b. Lagi nindakake dhawuhe Kanjeng Nabi Soleman
 - c. Lagi nglakoni kanggo nambah kasekten

- d. Lagi ana perlu
- 9. Geneya Kancil ngaku kalah karo Keong?
 - a. Kancil wis kentekan kakuwatan, ambekan menggos-menggos kaya arep pedhot.
 - b. Kancil rumangsa Keong wis ana ing ngarepe terus
 - c. Kancil pengen ngaso
 - d. Keong lakune banter ing jero banyu
- 10. Apa tegese bebasan sandhuwure langit isih ana langit?
 - a. Langit kui ora mung saklapis
 - b. Aja seneng umuk, ngremehake liyan
 - c. Aja rumangsa paling digdaya ing ngalam donya
 - d. Sak pinter-pintere tetep bakal nemu cilaka

ESSAY

1. Kaandharna piwulang sing ana ing wacana Kancil lan Keong?

Jawab:

.....

.....

.....

2. Geneya Kancil bisa kalah karo Keong?

Jawab:

.....

.....

.....

3. Kepriye olehe Keong menahi ancer-ancer karo kanca-kancane yen Kancil ngundang?

Jawab:

.....


.....

.....

Ketuntasan : Jika siswa memperoleh nilai 75

Yogyakarta, 7 Oktober 2010

Guru Mata Pelajaran Bahasa Jawa



Dra. Sugiharjo, M.Pd.

NIR: 196507031998021002

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

I. Identitas Mata Pelajaran

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Jenjang	: SMP
Kelas/ Program	: VIII / Umum
Semester	: Genap
Pertemuan	: ke-3
Alokasi Waktu	: 2 x 40 menit
Kurikulum	: Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan

II. Standar Kompetensi

Memahami wacana tulis sastra dalam kerangka budaya Jawa

III. Kompetensi Dasar

Mengungkapkan dan menanggapi nilai-nilai moral karya sastra prosa (fiksi)

IV. Indikator:

- a. Menjelaskan isi bacaan secara tepat.
- b. Menjelaskan nilai-nilai moral dalam bacaan dengan tepat

V. Tujuan Pembelajaran

- a. Mampu menjelaskan isi bacaan secara tepat.
- b. Mampu menyebutkan nilai-nilai moral dalam bacaan dengan tepat.

VI. Materi Pembelajaran

PINTER TETUKU



Bapak lan Ibu Sulistiyana arep tindak menyang pasar. Wiwin lan Agus ndherek. Bapak lan Ibu Sulistiyana ngagem busana padinan, prasaja nanging genep. Ibu Sulistiyana ora ngagem sangsangan., sengkang lan binggel. Wose ora ngagem bangsaning mas-masan kaya yen arep pesta kae. Pancen lunga menyang pasar apa dene lelungan adoh ora prayoga nganggo kang mompyor, bangsane mas inten barleyan. Cukup nganggo kang sarwa prasaja lan sacukupe wae. Mangkana kuwi, sepisan supaya bisa mardika, ora mikir sandhang panganggo lan rerenggane wae. Kapindho kanggo njagani aja ana wong sing bakal tumindhak ala (nyopet, nyrobot, lan sabangsane).

Wiwin nyangking tas kothong. Ibu Sulistiyana ngasta tas isi dhompot lan payung. Bapak Sulistiyana iya ngsta dhompot, dhompot kandhel dilebokake ing sak klambi katutupan jaket. Iku patrape wong lelungan kang prayoga sarwa miranti lan ngati-ati.

Wong papat nyegat bis kota ing sacedhake bengkel. Rong menit telung menit ngenteni, bis teka. Bis mandheg ing halte kana. Ana sing mudhun ana sing munggah. Sing mudhun metu lawang ngarep, sing padha munggah liwat lawang mburi. Apik pranatane, dadi ora suk-sukan.

Agus didhawuhi munggah luwih dhisik, nuli mbakyune, wiwin banjur Ibu Sulistiyana. Sing keru dhewe anggone munggah Bapak Sulistiyana. Mangkana

kuwi tatakramane nunggang bis. Bapak keru dhewe. Prelune bisa ngrewangi lanjaga-jaga ing njaba luwih dhisik. Yen kabeh keluarga wis siyaga, lagi bapak munggah. Kuwi tatakramane manut tatacara ing kene. Ing nagara liya ana kang mangkana, nanging ana kang ora mangkana, nganggo cara liya. Pancen tata cara lan tatakrama kuwi warna-warna. Paribasane salin enggon salin kedaton; desa mawa cara negara mawa tata. Mung wae tujuane padha, yaiku amrih becik, amrih prayogane, amrih padha slamete.

Tekan pasar banjur padha tetuku lan blanja. Kulawarga Bapak lan Ibu Sulistiyana pinter tetuku, pinter nganyang. Yen arep tuku sawijining sawijining barang, ora enggal-enggal tuku utawa nganyang, nanging takon-takon luwih dhisik kaya apa barange, lan regane pira. Banjur ditandingake karo panggonan liyane. Pancen ya rada suwe, nanging marem, bisa oleh barang kang apik, regane miring. Kabeh kudu ngerti manawa *pembeli itu raja*. Yen barange wis cocok karo kabutuhane, tur regane wis ngerti kira-kirane, lagi nganyang utawa tuku. Ngati-ati, ing kutha gedhe akeh wong dodol padha mblondrokake rega. Tawane dhuwur-dhuwur, larang-larang. Mangka sajatine regane mung kurang luwih sepretelone tawane.

Yen arep nganyang ndadak kandha marang sing dodol, “Ngawis menapa boten dipundukani?” Yen sing dodol wis nglilani lan katon padhang ulate, lagi dianyang barang kang arep dituku kuwi. Amarga ana wae bakul kang dianyang dodolane banjur nesu, suntrut ulate, ngamuk-amuk, lan liya-liyane.

Dadi tetuku kudu pinter milih barang kang becik. Becik kualitase. Pinter nganyang, aja nganti regane kelarangen. Aja nganti regane keblondrok (kelarangen). Marem, kang dirancang bisa klakon. Kang dibutuhake katuku. Kabeh kacukupan. Kabeh banjur padha mulih. Mulihe uga nunggang bis kota. Tekan halte sing mudhun dhisik Bapak Sulistiyana, nuli ibu Sulistiyana. Sabanjure wiwin, lagi Agus sing keru dhewe. Mangkana tatakramane mudhun saka bis. Bapak dhisik dhewe. Prelune bisa njagani saka ngisor.

*(Kapethik saka “Urip Tentrem
Raharja”*

Sudiyatmana, 1992)

VII. Metode Pembelajaran:

- KWL** : Guru menggali pendapat siswa mengenai bacaan basa Jawa yang diberikan. Selanjutnya memberikan beberapa pertanyaan yang sesuai tujuan dari kegiatan membaca. Tahap berikutnya siswa membaca teks bacaan dan diakhiri dengan menulis kembali apa yang telah ditemukan menggunakan bahasanya sendiri.
- Penugasan** : Guru memberikan waktu kepada siswa untuk mengerjakan pertanyaan yang telah diberikan secara lisan maupun tertulis.
- Tanya jawab** : Tanya jawab antara guru dan siswa tentang materi yang diajarkan

VIII. Langkah-langkah Pembelajaran

Kegiatan Pembelajaran

Tahap	Kegiatan	Waktu	Tugas	
			Individu	kelompok
Pendahuluan	1. Guru membuka pelajaran dengan salam, mengecek kesiapan siswa (absensi) dan menjelaskan tujuan pembelajaran yang akan dilaksanakan. 2. Guru melakukan apersepsi. 3. Guru memberikan print out kepada siswa.	10 menit		
Kegiatan inti	4. Guru mulai mengaktifkan skemata siswa dengan melakukan curah pendapat kepada siswa tentang bacaan	65 menit		

	<p>yang telah diterima.</p> <p>5. Guru memberikan pertanyaan atau memancing para siswa yang merupakan tujuan dari kegiatan membaca siswa.</p> <p>6. Siswa membaca bacaan dengan bergantian</p> <p>7. Siswa menulis kembali menggunakan bahasanya sendiri dan mencatat apa yang telah ditemukan dalam bacaan.</p> <p>8. Tanya jawab</p>			
Penutup	<p>9. Membuat kesimpulan dengan bimbingan guru.</p> <p>10. Melakukan evaluasi dan tindak lanjut.</p>	5 menit		

IX. Alat dan Sumber Bahan :

Alat : Print out

Sumber : Soft copy dari guru mata pelajaran

X. Penilaian :

- a. Jenis tes : tes individu
- b. Bentuk tes : essay

XI. Wangsulana pitakon iki.

1. Sapa wae sing lunga menyang pasar miturut wacana ing dhuwur?

Jawab :

.....

2. Kaandharna 2 wae kenapa yen lunga pasar kudu sing prasaja.

Jawab:

.....

3. Kaandharaken menapa pak Sulistya menawi menggah bis wonten pungkasan kemawon?

Jawab:

.....

4. Punapa tegesipun paribasan *salin enggon salin kedaton; desa mawa cara negara mawa tata*?

Jawab:

.....

5. Kaandharna kepriye carane tetuku supaya oleh barang kang becik lan regane miring.

Jawab:

.....

6. Apa tujuane Paribasan *salin enggon salin kedaton; desa mawa cara negara mawa tata*.

Jawab :

.....

.....

7. Kepriye carane supaya yen tetuku barang oleh barang kang apik?

Jawab:.....

.....

8. Kaandharna menapa kemawon ingkang kedah dipungatatosaken menawi badhe ngawis barang!

Jawab:

.....

.....

9. Panggenan pundhi kemawon ingkang saget kangge sadean lan tetuku barang?

Jawab:.....

.....

10. Kadospundi tatacanipun menawi badhe mandhap saking bis umum?

Jawab:

.....


.....

Ketuntasan

: Jika siswa memperoleh nilai 75

Yogyakarta, 21 Oktober 2010

Guru Mata Pelajaran Bahasa Jawa



Dra. Sugiharjo, M.Pd.

NIP. 196507031998021002

Kunci Jawaban Pratindakan

Pilihan Ganda

1. C
2. B
3. C
4. C
5. A
6. D
7. A
8. D
9. B
10. A

ESSAY

1. Golek dhuwit kudu sing khalal, kudu ngajeni marang sapa wae, aja seneng njupuk dhuwite wong liya, aja seneng meres, kudu seneng nulung, lsp.
2. Kanggo nyekel robongane Joni lan kanca-kancane sing wis suwe diincer amarga seneng meres, golek dhuwit ora khalal, lsp.
3. kanggo suku miras, narkoba lan hura-hura.

Kunci Jawaban Soal Post Test Siklus I

Pilihan Ganda

1. A
2. D
3. D
4. B
5. C
6. C
7. B
8. D
9. A
10. C

Essay

1.
 - a. Aja dhemen timen umuk, seneng ngasorake liyan, sajak kaya paling digdaya ana ngalam donya iki
 - b. Nyawang liyan ki aja mung saka sing katon neng mata. Durung mesthi penemumu kuwi bener”
 - c. Mulane dadi makhluk aja seneng umuk, ngremehake liyan
 - d. sandhuwure langit isih ana langit
2. Amarga keong pinter, keong ngajak kanca kancane supaya direwangi pas dina balapan karo kancil, ing rebo kliwon kanca-kancane disebar sedawane kalen mau.
3. *Ana apa, Cil. Aku ana ngarepmu”*

Kunci Jawaban Soal Post Test Siklus II

1. Bapak, Ibu Sulistiyana, Wiwin, lan Agus.
2. a. Supaya bisa mardika, ora mikir sandang pangan lan rerenggane wae.
b. Kanggo njagani aja ana wong sing bakal tumindhak ala (nyopet, nyrobot, lan sebangsane).
3. Prelune bisa ngrewangi lan jaga-jaga ing njaba luwih dhisik
4. Saben enggon lan panggonan dhuweni cara lan adat kang bedha-bedha.
5. Ora enggal- enggal tuku nanging takon-takon dhisik luwih becik, takon barange, kwalitase, bahane lan piro regane di bandingke karo panggonan liyane.
6. Amrih becik, amrih prayogane, amrih padha slamete.
7. Takon kwalitase, regane, aja nganti keblondrok utawa kelarangan lan dibandingke karo panggonan liyane.
8. Takon bakule dhisik “ngawis menapa mboten dipun dukani?”, dipun pirsani kwalitase lan barange.
9. Pasar, warung, toko, supermarket, minimarket, lsp.
10. Bapak, Ibu, Wiwin, Lan Agus.

Pedoman Penilaian

A. Pedoman Penilaian Pratindakan

- PG skor 1 tiap soal (10 soal) = 10
- Untuk essay tiap nomor maksimal mendapatkan skor 30 dengan kriteria:
 - Ketepatan jawaban : 10, 8, 5, 0
 - Ketepatan ejaan : 10
 - Diksi : 10
- Nilai = (Skor PG + 3 x skor essay) : 10

$$= (10 + 3 \times 30) : 10$$

$$= 10 + 90$$

$$= 100 : 10$$

$$= 10$$

B. Pedoman Penilaian Siklus I

- PG skor 1 tiap soal (10 soal) = 10
- Untuk essay tiap nomor maksimal mendapatkan skor 30 dengan kriteria:
 - Ketepatan jawaban : 10, 8, 5, 0
 - Ketepatan ejaan : 10
 - Diksi : 10
- Nilai = (Skor PG + 3 x skor essay) : 10

$$= (10 + 3 \times 30) : 10$$

$$= 10 + 90$$

$$= 100 : 10$$

$$= 10$$

C. Pedoman Penilaian Siklus II

- Untuk siklus II jumlah soal terdiri dari soal essay sebanyak 10 butir dan skor maksimal sebesar: $10 \times 30 = 300$
 Nilai diperoleh dari $300 : 30 =$ nilai maksimal (10)

D. Pedoman Ketepatan Jawaban

- Jika jawaban tepat, benar sesuai dengan kunci jawaban atau materi bacaan skor aspek ketepatan jawaban sebesar 10, skor nomor essay 30 jika diksi dan ejaan benar
- Jika jawaban benar tetapi kurang tepat aspek ketepatan jawaban siswa mendapatkan skor 8, skor nomor essay sebesar 28 jika aspek diksi dan ejaan benar.
- Jika jawaban benar tetapi kurang dalam menyebutkan jawaban skor aspek ketepatan jawaban sebesar 5, skor nomor essay sebesar 25 jika aspek diksi dan ejaan benar.
- Jika jawaban salah maka skor soal essay tersebut meliputi aspek diksi dan ejaan mendapatkan skor 0 tetapi karena tidak memberikan jawaban kosong siswa mendapatkan skor 5 pada soal essay tersebut.
- Jika jawaban kosong maka siswa tersebut tidak mendapatkan skor untuk soal essay tersebut atau skor 0.

Catatan Lapangan

Hari, Tanggal : Jum'at, 12 Agustus 2010

Pertemuan : Pra tindakan

Pertemuan pertama ini, guru memulai pelajaran dengan mengucapkan salam. Setelah itu, guru menanyakan kabar kepada siswa dan dilanjutkan dengan absensi. Setelah selesai absensi, guru melakukan apersepsi tentang pahlawan kecil. Guru menanyakan pengertian pahlawan kepada siswa. Kemudian guru menunjuk salah satu siswa untuk menjawab pengertian pahlawan. Ada beberapa siswa yang tahu pengertian pahlawan ada juga yang tahu tetapi lupa.

Dilanjutkan dengan guru memberikan penjelasan mengenai pahlawan. Siswa terlihat memperhatikan penjelasan guru dengan seksama. Interaksi antara guru dengan murid berjalan baik. Kemudian guru membagikan print out mengenai bahan pembelajaran membaca pemahaman yang berjudul Nalika Lampu Abang. Guru keluar kelas dan memberikan waktu kepada siswa untuk membaca bacaan tersebut. Setelah guru kembali dalam ruang kelas kegiatan dilanjutkan dengan guru menunjuk siswa untuk membaca bacaan tersebut secara bergantian. Kegiatan tersebut dilakukan kembali oleh guru hingga 3kali. Setelah kegiatan membaca selesai guru menjelaskan mengenai kata-kata sukar kepada siswa dan memberikan waktu kepada siswa untuk mengerjakan soal tes. Siswa terlihat pasif dan tidur-tiduran, ketika guru mengatakan waktunya telah selesai siswa meminta kepada guru agar waktunya ditambah. Setelah selesai kegiatan dilanjutkan dengan tanya jawab. Beberapa dari siswa ada yang mau menjawab dan ada yang diam saja ketika guru memberikan pertanyaan. Kegiatan akhir guru melakukan evaluasi selama 5 menit dan akhirnya bell sekolah berbunyi. Guru meminta ketua kelas untuk memimpin siswa kelas VIIIB berdoa.

Catatan Lapangan

Hari, Tanggal : Jum'at, 7 Oktober 2010

Pertemuan : Pertama Siklus I

Kegiatan ini diawali guru masuk ruang kelas dan memberikan salam kepada siswa yang dilanjutkan dengan guru menanyakan jadwal kehadiran siswa. Kegiatan dilanjutkan oleh guru dengan membagikan materi bacaan yang berjudul Kancil lan Keong. Guru menerangkan mengenai tehnik KWL kepada siswa agar siswa mengenal dan mengetahui langkah langkah, serta tujuan dari membaca pemahaman menggunakan teknik KWL.

Langkah pertama dalam tindakan ini adalah guru memberikan beberapa pertanyaan lisan mengenai apa yang mereka ketahui tentang judul bacaan kancil lan keong sesuai pengalaman mereka, siapakah yang akan memenangkan balapan antara Kancil dan Keong, alasanya, bagaimana caranya, dimana lokasinya, karakter tokoh yang terdapat dalam bacaan tersebut dan tampak jelas dari jawaban siswa terdapat beberapa jawaban simpang siur dan berbeda beda dari mereka. Pertanyaan pertanyaan tersebut kemudian disusun dan siswa harus mencari jawabanya dari dalam bacaan Kancil lan Keong.

Langkah Kedua dari tindakan ini guru meminta siswa untuk membaca teks bacaan yang berjudul Kancil Lan Keong secara bergantian yang ditujukan untuk mengetahui judul bacaan, kata kata kunci, kalimat utama, hal yang dianggap penting, seting, penokohan, pesan pesan moral dalam bacaan tersebut sehingga diperoleh gambaran yang bersifat umum dari isi yang terkandung dalam teks bacaan Kancil lan Keong. Bacaan tersebut bisa ditandai dengan menggunakan

garis bawah, stabilo atau bisa juga dengan ditulis dibuku catatan siswa. Setelah kegiatan membaca selesai kegiatan dilanjutkan dengan tanya jawab sesuai dengan daftar pertanyaan awal dan tambahan yang diajukan oleh guru dan siswapun kembali saling berebut menjawab secara aktif. Kegiatan ini ditujukan agar apa yang telah siswa ketahui sebelumnya mengenai kisah Kancil lan keong dapat menemukan jawaban pada teks bacaan kancil lan keong, selain itu juga dilakukan tanya jawab kata kata sukar dan beberapa hal yang kurang dimengerti oleh siswa

Catatan Lapangan

Hari, Tanggal : Jum'at, 14 Oktober 2010

Pertemuan : Kedua Siklus I.

Pertemuan kedua dari siklus I selama 80 menit adalah guru meminta siswa untuk menuliskan kembali cerita Kancil dan Keong dan apa yang telah dipelajari siswa dengan menggunakan bahasanya sendiri. Kegiatan ini ditujukan agar apa yang telah diketahui dan dipelajari siswa dapat lebih mudah diingat, tujuan pembelajaran tercapai, dan dapat digunakan sebagai bahan belajar dikemudian hari. Kegiatan akhir dari siklus I adalah guru melakukan tes pada siswa terkait dengan materi pembelajaran membaca pemahaman dengan menggunakan teknik K-W-L yang telah dilaksanakan hari jum'at sebelumnya. Kegiatan dilanjutkan dengan mengoreksi hasil tes siswa yang ditukar dengan siswa lain dan di bahas secara bersama-sama. Pemilihan siswa yang akan menjawab dibungkus dengan sebuah permainan yaitu dengan permainan talking stick tetapi penggunaan tongkat diganti dengan aqua gelas yang didalamnya diisi dengan nama nama siswa kemudian siswa diajak untuk menyanyikan lagu daerah secara bersama sama. Siswa secara bergantian memberikan aqua tersebut dan saat guru bilang stop maka ayunan aqua gelas tersebut berhenti juga. Siswa kemudian mengambil kocokan aqua yang didalamnya terdapat nama nama siswa. Siswa yang namanya keluar diminta untuk maju kedepan menjawab soal tes, selanjutnya secara bersama sama guru dan siswa mengoreksi jawaban. Evaluasi selama 5 menit mengenai pembelajaran membaca pemahaman dengan menggunakan teknik KWL yang telah dilakukan sesuai dengan materi pembelajaran.

Catatan Lapangan

Hari, Tanggal : Jum'at, 21 Oktober 2010

Pertemuan : Pertama Siklus Kedua

Guru masuk ruang kelas mengucapkan salam, menanyakan presensi siswa dan membacakan hasil tes pascatindakan siklus I. Kegiatan selanjutnya kembali ke proses pembelajaran siklus II. Kegiatan diawali dengan membagikan lembar materi membaca pemahaman yang berjudul “Pinter Tetuku”. Guru mengajak siswa untuk melakukan curah pendapat mengenai gambar yang terdapat dalam bacaan, suasana, tata cara membeli, memilih barang yang baik. Jawaban dari siswa bermacam-macam dan siswa secara aktif menyatakan pendapatnya, mencoba menjawab pertanyaan guru, dan saling melengkapi.

Pelaksanaan siklus kedua sedikit berbeda dengan pelaksanaan siklus I. Pelaksanaan siklus kedua guru mengajarkan poin poin penting dalam menyusun pertanyaan yang nantinya dicari dalam materi bacaan yang ditujukan agar siswa mampu mencari hal hal penting secara mandiri. Pertanyaan-pertanyaan tersebut dari siswa sebagian antara lain; tata cara naik bus sesuai dengan norma dan tujuan, turun bus, unggah ungguh dalam menawar barang, dan hal-hal penting lainnya. Pertanyaan pertanyaan tersebut merupakan salah satu pengaplikasian “What I Want to Learn” (apa yang ingin saya ketahui).

Guru memberikan waktu kepada siswa untuk membaca sekilas tentang materi membaca pemahaman yang berjudul “Pinter Tetuku” dan memberikan tanda ataupun mencatat hal-hal yang penting dalam bacaan. Kegiatan dilanjutkan dengan guru menunjuk salah satu siswa untuk membacanya di depan kelas secara

bergantian. Setelah kegiatan membaca selesai guru kembali meminta siswa untuk menjawab beberapa daftar pertanyaan yang sebelumnya telah dibuat secara bersama sama dipapan tulis. Siswa kembali secara aktif menjawab pertanyaan dengan bersama sama.

Guru kemudian menjelaskan kata kata sukar dalam bacaan dan memberikan penjelasan pada siswa mengenai tata cara penulisan ejaan berbasa Jawa. Kegiatan selanjutnya guru meminta siswa untuk menjawab daftar pertanyaan yang telah dibuatnya sendiri dibuku catatan dengan bekal materi pembelajaran yang telah dibaca. Guru berkeliling melihat pekerjaan siswa dan memberikan sedikit bantuan pada beberapa siswa yang berasal dari luar jawa untuk mengartikan menggunakan bahasa yang mudah dimengerti.

Catatan Lapangan

Hari, Tanggal : Jum'at, 28 Oktober 2010

Pertemuan : Kedua Siklus Kedua

Setelah 15 menit berlangsung guru belum menandakan kehadirannya. Peneliti akhirnya mendapatkan kabar bahwa guru pelajaran sedang rapat, dan meminta peneliti untuk mengisi kegiatan membaca pemahaman.

Pelaksanaan siklus kedua pertemuan kedua berlangsung selama 40 menit. Kegiatan ini merupakan kegiatan terakhir yang merupakan hasil dari proses pembelajaran yakni menuliskan kembali isi bacaan tersebut dan apa yang telah mereka ketahui dari proses pembelajaran yang dilakukan dalam siklus kedua dengan menggunakan bahasanya sendiri.

Kegiatan siklus kedua dilanjutkan dengan mengerjakan soal tes siklus kedua. Soal tes terdiri dari 10 soal essay yang harus dikerjakan siswa dalam waktu 25 menit dan diikuti 34 siswa kelas VIIIB SMP Negeri 14 Yogyakarta, karena ada dua siswa yang tidak hadir. setelah tes selesai siswa mengumpulkan jawabanya kepada peneliti.

